



Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU OGMANTE  
SANSIBILIZASYON SOU RESOUS POU VIKTIM TRAFIK MOUN YO**

***Lejislasyon (S.00924/A.3331) egzije lapolis ak biwo pwokirè distri a pou konseye viktim trafik moun yo sou disponibilite sèvis sosyal ak legal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki egzije lapolis ak biwo pwokirè distri a pou konseye viktim trafik moun yo sou disponibilite sèvis sosyal ak legal yo. Lòske yo rankontre yo moun ki sanble oswa ki di yo se yon viktim trafik moun, pèsonèl lapolis la dwe konseye viktim lan sou disponibilite sèvis sosyal ak legal yo ki gen pou wè dirèkteman ak dosye trafik moun. Ajans lan ap ofri pou konekte viktim lan avèk founisè apwopriye a, amwenske moun lan refize sèvis yo.

"Trafik moun se yon epidemi global epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou mete fen nan krim abominab sa yo isit la nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sa pa sifi pou nou jis mete lwa yo anplas pou anpeche trafik -- nou dwe priyore sipò bay sivivan yo ak asire yo gen resous pou sèvis legal ak sosyal yo bezwen pou yo rekipere apre yon eksperyans trajik konsa".

Trafik moun se yon pwoblèm ki kouran nan Etazini. Pandan Eta New York te adopte yon seri mezi enpòtan pou ede sivivan trafik moun yo -- tankou lwa START, ki te siyen mwa pase a, ki te ranfòse pwoteksyon pou viktim trafik yo -- pwojè lwa sa a fè yon pa anplis pou asire sivivan yo pral kapab jwenn aksè rapid ak sèvis sosyal ak legal yo.

**Senatè Jessica Ramos te deklare**, "Tan sa pran pou yon sivivan trafik moun konekte ak sèvis esansyèl yo - swa se pou sipò sante mantal, lojman oswa swen sante - kapab fè tout diferans lan. S249 asire ke Lapolis ak Pwokirè yo nan Distri a dwe priyore bezwen imedyat yon moun epi konekte yo avèk yon moun ki pale lang yo epi preyokipe prensipalman ak byennèt yo. Kalite admisyon global Manm Asanble Hevesi te prevwa ak pwojè lwa mwen an oryante pi bon pratik yo nan sans ki konsantre sou swen ak sekirite, olye pou petèt agrave twomatis ak laperèz sivivan yo".

**Manm Asanble Andrew Hevesi te deklare**, "Mwen trè fyè pou lejislasyon sa a, ki te totalman adopte nan Sena ak Asanble a, te siyen pou tounen lwa. Konekte sivivan trafik moun yo ak sèvis sosyal ak legal apwopriye yo osito sa posib se yon bagay ki enpòtan. Mwen rekonesan anvè Senatè Ramos pou lidèchip li sou pwoblèm sa a ak Gouvènè Hochul paske li ratifye lejislasyon sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)